# Ndax kenn ci yéen bëgg na bu delloo ci njabootam fekk fa ñàtti giléem yu ëmb, rëy te suur?

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Ndax kenn ci yéen bëgg na bu delloo ci njabootam fekk fa ñàtti giléem yu ëmb, rëy te suur?» Nu ne ko: waaw. Mu ne: «kenn ci yéen jàng ñàtti aaya ci julli moo gën ci moom ñàtti giléem yu ëmb rëy te suur».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Leerarug hdiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne payug jàng ñàtti aaya ci julli; moo gën nit ki fekk ca këram ñàtti giléem yu ëmb rëy te suur.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65053